



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF KI MANDE POU PATWON YO BAY ANPLWAYE YO KI KOMINIKE AK PIBLIK LA MASK

Li pibliye Dekrè Egzekitif ki elaji kalifikasyon pou plis moun ka fè tès antikò yo

Gouvènè a rankontre Prezidan NGA Gouvènè Maryland lan, Hogan nan yon efò bilateral ki fè apèl ak 500 milya dola èd pou Eta yo; Reyitè apèl pou gouvènman federal la abwoje SALT

Gouvènè a te remèt respiratwa atifisyèl bay Pathways Nursing Home and Rehabilitation Center nan Niskayuna; Li remèsye etablisman pou kontribisyon jenere li nan lit kont COVID-19 la

Konfime 8,236 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 188,694; gen nouvo ka nan 44 Konte

Nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif kap mande pou patwon bay travayè esansyèl yo mask ki fèt ak twal oswa mask chirijikal gratis pou mete lè yo ap kominike dirèkteman avèk piblik la.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif pou elaji kalifikasyon moun pou fè tès antikò pou ede asire ke anpil Nouyòkè gen aksè a tès antikò jan sa posib pandan ke eta a ap kontinye elaji tès enpòtan sa a. Eta a te deja bay laboratwa ak fleksibilite pou pèmèt plis travayè fè tès pou COVID-19 la; dekrè egzekitif sa ogmante otorite sa a pou menm travayè yo ka fè tès antikò yo.

Gouvènè a te rantre tou nan Prezidan Asosyasyon Gouvènè Nasyonal (National Governors Association) yo, Gouvènè Maryland lan, Larry Hogan nan yon efò bilateral te fè apèl ak 500 milya dola nan èd pou eta yo. Lwa federal CARES la gen zewo finansman pou konpanse gwo defisi bidjetè eta a. Gouvènè a te reyitè apèl li tou pou gouvènman federal la abwoje SALT.

Pi bonè jodi a, Gouvènè Cuomo [te remèt](#) respiratwa atifisyèl nan Pathways Nursing Home and Rehabilitation Center ki nan Niskayuna. Pathways Nursing home te fè yon kontribisyon endezirab nan bay machin sa yo ki ka sove lavi moun nan Eta New York kòm yon pati nan efò kontinyèl kont COVID-19 la. Gouvènè a te bay bonbon pou anplwaye yo ak rezidan nan mezon retrèt yo ke pitif fi li te kwit.

"Gwo Kesyon an pou tout moun yo kounye a se kilè nou ap re-ouvri ekonomi an, men toudabò nou bezwen asire nou ke nou gen yon plan entelijan, san danje epi kowòdone ki an plas pou fè li san nou pa riske sante piblik la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kle pou re-ouvri ekonomi an se kontinye limite pwopagasyon viris la epi ogmante tès antikò yo. Mwen pral pibliye de dekrè egzekitif - youn ki ap mande patwon yo pou bay travayè esansyèl yo mask pou yo mete lè yo ap kominike avèk piblik la, ak youn pou elaji kantite moun ki kalifye pou fè tès antikò yo. Mezi sa yo se pral kle pou fè moun retounen nan travay yo epi asire ke yo pwoteje lè yo tounen travay."

Finalman, Gouvènè a te konfime 8,236 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 188,694 ka konfime nan Eta New York. Nan total 188,694 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	478	32
Allegany	26	0
Broome	126	9
Cattaraugus	28	9
Cayuga	29	1
Chautauqua	22	1
Chemung	60	0
Chenango	63	2
Clinton	43	0
Columbia	79	2
Cortland	18	1
Delaware	39	0
Dutchess	1,838	94
Erie	1,571	99
Essex	12	0
Franklin	12	1
Fulton	21	0
Genesee	69	2
Greene	44	7
Hamilton	3	0
Herkimer	37	0
Jefferson	46	2
Lewis	6	0
Livingston	30	0
Madison	101	2
Monroe	798	31
Montgomery	29	0

Nassau	23,553	969
Niagara	183	16
NYC	103,208	4,900
Oneida	195	14
Onondaga	397	17
Ontario	57	1
Orange	5,027	180
Orleans	25	1
Oswego	38	1
Otsego	43	0
Putnam	497	3
Rensselaer	105	9
Rockland	7,721	244
Saratoga	196	9
Schenectady	199	5
Schoharie	12	0
Schuyler	5	0
Seneca	16	0
St. Lawrence	85	5
Steuben	121	2
Suffolk	20,816	933
Sullivan	358	18
Tioga	19	0
Tompkins	109	1
Ulster	612	23
Warren	46	2
Washington	34	3
Wayne	42	0
Westchester	19,313	584
Wyoming	31	0
Yates	3	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)